



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 15 FINALIS POU KONPETISYON POU ANTREPRIZ DEMARAJ 43NORTH 2022 AN

Finalis yo pral rankontre nan Buffalo, pou rivalize pou youn nan investisman 1 milyon dola

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 15 finalis pou uityèm edisyon konpetisyon anyèl pou antrepriz demaraj 43North la. Finalis yo pral rankontre nan Buffalo nan fen mwa oktòb la pou prezante lide yo avèk espwa pou yo jwenn 1 milyon dola epi pou yo jwenn opòtinite pou devlope biznis yo nan Buffalo - youn nan sant teknoloji ki grandi pi rapid nan peyi a. Pifò nan finalis yo soti atravè Etazini, ak youn ki soti osi lwen ke Wayòm Ini a. Yo kouvri yon pakèt endistri, ki gen ladan men pa sèlman teknoloji sante, sèvis finansye, ak teknoloji pwòp.

"Depi lansman li an 2014, 43North te kreye yon nouvo episant teknoloji ak inovasyon nan Buffalo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Siksè 43North voye yon mesaj bay antreprenè yo atravè mond lan - Eta New York se kay travay alavni yo. Mwen fyè pou m anonse 15 finalis konpetisyon 43North ane sa a epi m ap tann pou m akeyi yo nan kominote antrepriz demaraj ki gen enèji a ki se Buffalo."

Pou redwi konkiran yo nan 15 pi gwo konpayi yo, 43North te aplike yon vas pwosesis dilijans ki te kòmanse an jiyè 2022 a. Kevin Siskar, ki se Vis Prezidan Pòtfèy ak Seleksyon nan 43North, ki dirije pwosesis dilijans ansanm ak plis pase 80 jij ki te revize plizyè santèn aplikasyon, te rankontre ak fondatè yo, epi fè rekòmandasyon sou chwa yo.

Konpetisyon an fè pati inisyativ 37,04 milyon dola Buffalo Billion Eta New York la ak finansman ke Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la sipòte. Ane sa a, anplis ke li te pase nan senk rekonpans ki evalye a 1 milyon dola, 43North te pataje tou nouvo sou nouvo eleman pwodiksyon yo ki gen ladan mizik an dirèk ki soti nan pwòp gwoup lokal Buffalo ki se [Farrow](#) ki pral akonpaye pwogram Final la.

Pandan sèt ane ki pase yo, 43North te investi nan yon pòtfèy divèsifye ki gen 59 konpayi, 44% nan yo gen fondatè moun koulè epi 28% genyen fondatè fanm. Nan kòmansman ane sa a, 43North rapòte ke konpayi pòtfolyo li yo ansanm te kreye plis

pase 1,000 djòb nan rejyon Lwès New York. Plis pase 60% nan pòtfeý 43North la kenbe yon prezans materyèl nan Buffalo.

Final 43North la gratis pou patisipe, men li obligatwa pou enskri. Syèj yo disponib sou baz premye vini, premye sèvi. Ou ka rezève tikè gratis pou Final 43North la nan dat 20 oktòb a 6pm ET nan Shea's Performing Arts Center nan 43North.org.

Prezidan 43North, Colleen E. Heidinger, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou atenn etap enpòtan sa a nan pwosesis seleksyon nou an epi n ap tann opòtinite pou nou konnen 15 konpayi sa yo pandan y ap fè wout pou Buffalo. Pwochen faz sa yo nan pwosesis jijman an se etap esansyèl ak eksitan ki bay kominote nou an yon opòtinite pou patisipe nan aksyon an pandan n ap chwazi kowòt uityèm ane nou an."

Finalis 2022 43North yo se:

Agape Wellness - Rochester, NY

Agapé se yon konpayi byennèt relasyon ki sèvi ak kesyon pèsonalize pou pwovoke konvèsasyon ki gen sans. Bò kote konsomatè yo, aplikasyon li a ede koup yo gen relasyon ki pi kontan, ki pi konplè. Nan espas travay la, Agapé entreteni yon koneksyon anplwaye enpòtan ki ogmante satisfaksyon epi kenbe talan.

Aravenda - Vienna, VA

Aravenda mennen inovasyon teknoloji nan segman vant an detay ki pi rapid la; Revann. Aravenda se B2B SaaS pou nenpòt kalite revandè, nenpòt kote nan mond lan.

CAHill TECH - Buffalo, NY

CAHill TECH se yon konpayi teknoloji SaaS ki bay preparasyon pou travay pou moun ki nan komès ak mezi rapòtab pou anplwayè yo atravè pwodwi prensipal CAHill la, ki se aQuiRe.

Delee - Laredo, TX

Delee devlope yon teknoloji dènnye kri ki kapab izole ak analize selil timè k ap sikile nan san. Sa yo te konstwi a pral kontribye nan detekte kansè nan premye etap yo, pandan y ap bay doktè yo enfòmasyon ki nesèsè pou pèsonalize terapi chak pasyan yo epi kontwole efikasite li pandan tout maladi yo a.

MAGPIE - New York, NY

MAGPIE se yon platfòm Teknoloji Finansyèl (FinTech) ki sipòte antrepriz ki sèvi ak teknoloji AI pou amelyore dekouvèt byen/pri, jesyon envantè ak distribisyon tranzaksyon & patnè pou vandè byen koleksyon yo. Platfòm ki senp e ki fasil pou itilizatè a fèt yon fason espesyal pou aktif inik ki trè volatil, pou jenere plis revni epi redwi depans fonksyonman yo.

Lilu, - New York, NY

Lilu bati pwodwi teknoloji ki pèmèt yo fè matènite prekòs pi konfòtab ak san estrès pou nouvo manman yo. Premye pwodwi li a, Lilu Massager, se premye soutyen gòj ponp

masaj pou tete ki otomatik ki ede manman yo ponpe 30-55% lèt anplis nan mwens tan, epi kliyan yo rele li yon "sovè alètman."

M Aerospace - Austin, TX

M Aerospace se yon konpayi teknoloji avanse aditif ki ofri pwototip rapid ak kapasite pwodiksyon nan yon pakèt endistri. Li espesyalize nan teknoloji ak sèvis enprimri metal 3D, epi li bay yon varyete materyèl metal, konbinezon materyèl ak kapasite pou enprime gwo pati.

Mod Tech Labs - Austin, TX

MOD ede konpayi antrepriz yo kreye kontni 3D inivèsèl sou echèl lè yo nimerize mond reyèl la lè yo sèvi avèk foto. Platfòm pwosesis san kòd la netwaye, rafine, ak amelyore imaj 3D objè, kote, ak moun ki gen zouti otomatik ki mache ak AI. Konpayi yo kaptire yon fwa epi yo optimize pou nenpòt itilizasyon medya dijital.

Otrafy - Chicago, IL

Otrafy se yon platfòm jesyon founisè SaaS ki mache ak AI ki gen kapasite pou otomatize konfòmite ak idantifye risk yo.

Phood - New York, NY

Phood entegre ak sèvis kat inivèsite yo pou kreye yon koneksyon ant kont dola fleksib etidyan yo ak ekonomi travay tanporè (gig economy) a. Phood bay etidyan yo yon kat debi vityèl ki ka itilize pou achte machandiz ak sèvis nan men lòt machann yo, sa ki posib gras ak patenarya ak Discover.

Seshie - Penn Valley, PA

Seshie rann li fasil pou ekip yo rezève atelye vityèl modèn (seshies) an dirèk, ki baze sou done ak enfòmasyon anplwaye yo. Manadjè yo enskri, envite manm ekip yo, voye sondaj Seshie epi baze sou done/enfòmasyon, yo jwenn atelye ke yo rekòmande yo (seshies) pou yo rezève.

Tampon Tribe - Los Angeles, CA

Tampon Tribe te kreye pwodwi peryodik òganik, san plastik, sa ki te anjandre yon nouvo kategori swen peryodik òganik. Tampon Tribe desine pwodwi dirab ak fonksyonèl pou fanm aktif yo. Pouse pa siksè ak yon pasyon pou kwasans ak anviwònman an, Tampon Tribe kontinye ap pwospere ak yon modèl revni renouvlab, ki baze sou enpak, ki pozisyone pou kwasans rapid.

AMPAsworks - Santa Monica, CA

AMPAsworks se yon ekip doktè, enfimyè, ak enjenyè ki te konstwi yon kamera IoT lè l sèvi avèk vizyon òdinatè A.I. yo nan mezi pou gen tout vizibilite envantè nan famasi, konpayi aparèy medikal, sant operasyon yo, klinik, ak lopital yo. Sistèm nan pèmèt granilarite envantè etajè pa etajè pou ede ak planifikasyon demann ak re-stokaj

Twipes - London, United Kingdom

Twipes se yon konpayi materyèl bio-teknoloji ki te devlope yon materyèl ki ka kraze nan

dlo nan twa zèdtan ak biyodegrade nan yon dechaj nan sèlman sèt jou. Yo te bay premye pwodwi li yo kòm premye sèvyèt imid ki vrèman ka jete nan twalèt, ki vrèman biyodegradab nan mond lan.

TYBR Health - Houston, TX

TYBR Health fè yon espray chirijikal ki pwoteje tisi yo pandan y ap geri pou amelyore rezilta apre operasyon an. TYBR Health te fòme apati bous Texas Medical Center Biodesign. Pandan yon ane, ekip la te idantifye yon pwoblèm klinik, te kreye yon solisyon, epi li te kòmanse yon konpayi.

Enfòmasyon sou 43North

43North se yon pwogram akseleratè ki akeyi yon konpetisyon startup chak ane, k ap investi 5 milyon dola ane sa epi atire ak kiltive konpayi ki gen gwo kwasans nan Buffalo, NY. Pòtfèy konpayi 43North yo resevwa tou espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, oryantasyon nan men konseye ki nan domèn ki lye yo, ak aksè nan lòt pwogram prim ankourajman tankou START-UP NY la. 43North fonksyone gras ak sipò Gouvènè Kathy Hochul, Empire State Development, Ralph C. Wilson, Jr. Foundatio, ak plizyè lòt esponnsò. Pou plis enfòmasyon sou 43North, vizite www.43north.org.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418